Matkarimov, Tohir Sodiqov, Dilfuza Rahimova, Sevara Nazarxon, Izzatilla Ibrohimov, Dilnoza Ismiyaminovalar dawam etip kelmekte. Solar menen bir qatarda Rashid Xoliqov basshılıǵında «Shahzod», Muhammadjon Rozimuxamedov basshılıǵında «Shofayz», Doniyor Mamedov basshılıǵında «Bayram», Abdulla Shomagʻurupov basshılıǵında «Nola», Tohir Sodiqov basshılıǵında «Bolalar», M.Toshmatov tárepinen shólkemlestirilgen «Setora» toparı, Umid Shaxobov basshılıǵında «Marjon» toparı, «Sidriz» hám «Xoja», «Toj», «Sarbon», «Diyor», «Bunyod», «Safar» sıyaqlı estrada toparları zamanagóy estrada kórkem ónerinıń rawajlanıwına salmaqlı úleslerin qostı. XX ásirdiń 90-jıllarında ózbek estrada kórkem ónerine qosıqshı, Ózbekistan xalıq artisti Yulduz Usmonova óziniń keń diapozonlı jaǵımlı hawazı ózine tán atqarıwshılıq usılları menen kirip keldi. Onıń «Mayda-mayda», «Hamroz» sıyaqlı qosıqları menen shayır I.Jiyanov sózlerine jazılǵan «Tanhoman», «Nilufar gulim», «Yor bolasizmi», «Ayol» (Sh.Salimova), «Ayol oshiq bolsa» (B.Bobomurod) kibi lirikalıq, dártli qosıqları menen birge «Hech kimga bermayman seni Ozbekiston», «Ozingdan qoymasin xalqim», «Xalq bol edim» (Muhammad Yusuf), kompozitor Anor Nazarov muzıkasına «Men nechun sevaman Ozbekistonni» (Abdulla Oripov) qosıqları xalıq arasında keńnen taradı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. Oʻzbekiston sanʼati. «Sharq» nashriyoti. -T.: 2001.
2. Oʻzbeknavo. Ustozlar, yulduzlar, shogirdlar. «Choʻlpon» nashriyoti. -T., 2000.
3. M.Qoriyoqubov nomidagi Oʻzbek davlat filarmoniyasi va «Oʻzbekkonsert» birlashmasining arxivi.

**REZYUME.** Ushbu maqolada turli milliy vokal-cholgʻu ansambllari, «jaz», «simfo-jaz» orkestrlari havaskor va professional qoʻshiqchilar hamda sozandalar yetishib chiqqanligi haqida fikr yuritilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье рассматривается, как выросли различные национальные вокально-инструментальные ансамбли, джазовые и симфо-джазовые оркестры, а также любительские и профессиональные певцы и музыканты.

**SUMMARY.** This article discusses the emergence of various national vocal and instrumental ensembles, jazz and symphony jazz orchestras, as well as amateur and professional singers and musicians.

## ЖУПЛЫҚ ҲӘМ ҒАЛАБАЛЫҚ ЭТЮДЛАР ҮСТИНДЕ ИСЛЕЎ

**Гулбаҳар Бекниязова** – *доцент*
**Лизахан Уразмбетова** – *«Режиссура көркем өнери» кафедрасы баслығы, профессор*

**Таянч сўзлар:** этюд, асар, саҳна, драматургия, сценарий, Станиславский, шароит, педагог, талаба.

**Ключевые слова:** этюд, произведение, сцена, драматургия, сценарий, Станиславский, обстоятельства, педагог, студент.

**Key words:** etude, work, scene, dramaturgy, script, Stanislavskiy, circumstances, teacher, student.

Излениўшең сүўретши өз шығармасын жаратыўдан алдын онлап, жүзлеп сүўретлер сызыўы, характерге қарап этюдлар жаратыўы керек болғаны сыяқлы актёрда этюдлар үстинде сондай излениўшеңлик пенен ислесиў керек. Бул этюдларға оның турмыслық гүзетиўлери жәмлескен болыўы орынлы болады. Этюдлар көркем шеберликке ерисиў қуралы сыпатында көрип шығылады. Себеби, олар актёрлық оқыўының барлық басқышларында керек болады. Биринши курста студентке таныс болған ойлап табылған этюдлар менен жумыс алып барылса, екинши курста әдебиятлар тийкарында жаратылған жаңа этюдлар жүзеге келе баслайды. Олар қатарына ертек яки пьеса, гүрриң ҳәм романлардан үзиндилер кириўи мүмкин.

Студентлердиң дөретиўшилик ҳәм көркем санасын раўажландырыўда этюдлар айрықша әҳмийетке ийе болып, студенттиң “егерде” яки берилген “шәрт-шараяттағы” дәслепки сахнадағы орынлаўы есапланады. Бул процессте студент актёрлыққа биринши қәдемин таслайды. Этюдлар үстинде ислеўде бир адамлық, жуп, ғалабалық этюдлардан пайдаланылады. Этюдларды орынлаў арқалы студентлер алдында жаңа қурамалы шынығыўлар пайда бола баслайды.

Бул актёр шеберлиги бойынша алынған көнликпелерди беккемлеп, кейинги курс ушын фундамент болады. Этюд – турмыстан алынған бир ўақыя болып диалогларсыз, ис-ҳәрекетте атқарылады. Этюд латынша сөзден алынған болып шынығыў, тренинг сыяқлы мәнилерди билдирип, театр педагогикасында актёрлық техникасын раўажландырыў ҳәм жетилистириў ушын хызмет қылыўшы жанр есапланады. Турмыслық ҳақыйқат тийкарында ҳәрекетке тийкарланған, кем сөзли, диалогсыз, драматургия компонетлерин жәмлеген киши көринис. Драматургияның компонентлерине ўақыя, қарама-қарсылықлар киреди ҳәм олар композицион дүзилиске ийе болыўы керек.

Драматургиялық шығармаларға тән барлық қубылыслар этюдта болыўы керек. Этюд сөзсиз ҳәрекет тийкарында атқарылады, бирақ айырым ўақытлары бир, еки сөзлерди ислетиў мүмкин. Мысалы, аъло, салем, яқшы, саў бол ҳ.т.б сөзлерди сондай ислетиў керек, ол диалогқа айланбаўы керек. Этюд үстинде ислеў студентлердиң дөретиўшилик қыялларын ҳәм фантазиясын күшейтеди. Шеберлик техникасын раўажландырады.

Этюд жаратыў үш басқыштан ибарат:
1-басқыш. Этюдтың сценарийин жаратыў. Бунда педагог тәрепинен ўазыйпа етип берилген яки студент тәрепинен ойлап табылған идея ҳәм пикир қағазға түсирилип, сценарий жағдайына келтириледи. Этюдтағы ҳәр бир ис-ҳәрекет жағдайы айрықша бөлеклерге ажыратылып жазылады. Мысалы, сахнаға жигит шығып келеди. Ол әтирапты гүзетеди. Бул биринши бөлек болса, тийкарғы ўақыяның басланыўы, жақсы көрген қызын көрип қалыўы, басқа адамды көрип қалыўы ҳәм усы пайыттағы жағдай ҳәм ис-ҳәрекетлер екинши бөлекте жарытылады ҳ.т.б.

2-басқыш. Жазылған сценарийди сахналастырыў ушын образлы шешимди табыў. Яғный сценарийды сахналастырыўда оригинал материалларға итибар бериў, қатнасыўшының образы классификациясын дурыс таңлаў керек.

3-басқыш. Жазылған сценарийди сахналастырыўдың образлы шешимин сахнаға алып шығыў ҳәм қатнасыўшылар менен ислей алыў тәжирийбеси болып табылады. Этюдлар көркем әдебият шығармалары тийкарында да, таярланыўы мүмкин. Ол жағдайда этюд ушын көркем шығарманың сюжети тийкар етип алынады. Студентлердиң өз бетинше дөреткен этюд сценарийы студенттиң дөретиўшилик санасын жетилистирсе, көркем әдебият тийкарында жаратылған этюд студенттиң көркем санасын раўажландырады. Студентлер өз бетинше ҳәрекет логикасын дүзиўи ҳәм оны образ ҳәрекети логикасы менен әсте-ақырын жақынластырыўлары зәрүр. Буның ушын сахна ўақыяларын анық үйрениўи, конфликтлерди ашып билиўлери керек. Әдебий үзиндилер актёр шеберлиги элементлери характерлигин қайтадан тиклеўди талап етеди. Этюд дәслеп студент тәрепинен еркин исленип, педагог басшылығында көрип шығылады. Жоқарыдағы үш басқыш тийкарында этюд таярланады. Этюдлар аўыр-басық, комик, фантастикалық усылларда исленийи мүмкин.

Этюдты сахналастырыўда оның жанрын белгилеў режиссёрдың жетискенлиги есапланады. Этюд студент ушын – биринши киши көлемде тамамланған спектакль болып, өзиниң жоқары мақсети, эмоционаллығы, жанры бойынша ашылғаны менен ажыралып турады. Ол шырақлар ҳәм музыкалық безеклер тамашасы десекте болады. Бирақ, атқарылып атырған роль характерин табыўдың өзи менен сахна образы жаратылып қалмайды. Ҳәр қандай жақсы әдебий ҳәм сахна образы зәрүрий рәўиште ўақытқа қарап ашылады. Барлық роман, пъеса ҳәм спектакль ўақыялары өз дәўири менен қәлиплесип барады. Пъесадан алынған үзинди яки сахна шығармасындағы көринис турмыстың бир мәўритлерин белгилеп береди. Студент этюд сценарийин жаратыўда берилген шәрт-шараятлардан пайдаланып анық көрсетиўи керек болған төмендеги факторлар есапланады. Ҳәрекет қайсы ўақытта болып өтиўи. Яғный, ҳәрекеттиң ўақты азанғы, күздизги, кешки мәҳәл ҳ.т.б.

Ҳәрекет қай жерде болып өтеди. Яғный, қандай жерде? Үйде ме? Тоғайда ма? Яки теңизде.

Ким қатнасады. Ҳәр бир қатнасыўшыға қысқаша түсиндирме бериледи. Оның жасы, кәсиби ҳәм характери ҳ.т.б.

Не болады? Яғный, этюд мәнисиниң қысқаша ҳәрекет мазмуны, оның фабуласы, сюжети, мақсети көрсетилип, бул ҳәрекет не ушын әмелге асырылып атырғаны шешиледи. Қаҳарманлардың ҳәрекетлери көрсетиледи.

Этюд ҳәр түрли сюжет тийкарында қурылыўы мүмкин. Бул жерде әсте-ақырынлық пенен, мақсеттен ҳәрекетке өтип, бир ўақыттың өзинде актёрлық ой-пикир жүритиў, қәбилетин белсене ҳәрекетке келиўине имканият жаратыўды өзлестирип барады. Студент буйымсыз ис-ҳәрекет сыпатында кетпен шабыў процессин орынлап

атыр. Шынығыў даўамында ҳақыйқый турмыстағыдай оның аўырлығын, формасын сезинип ҳәрекетте логикалық избе-излик сақланыўы тийис болады.

Педагог оған мине усы шынығыў тийкарында этюд таярлаўды усыныс етиўи мүмкин. Студент этюд сценарийин жаратыўда, этюд ушын ҳәрекетти қурыў, этюдтағы қызықлы шәрт-шараятлар шеңберин жаратыўды этюдты сахналастырыўда болса, этюд мазмуны даўамланып, сценарийде көзде тутылған идеяны әмелге асырыў, ўақыяның өтиў ўақты, ўақыяның орны ҳәм қатнасыўшының ким екенлигине тийкарғы дыққатты қаратыў керек. Этюдты сахналастырыўшы студент болса, тиккелей сахналастырыў барысында төмендегилерге әмел етиўи керек:

Жумысты сахна кеңлигиндеги ойынды яғный берилген имканиятты әмелге асырыў ҳәм анықластырыўдан баслап, сахна кеңлигине режиссёр ҳәм актёрлық көзқарасынан қарап, олар ортасында принципиал парық барлығын нәзерде тутыў керек. Атқарыўшы өз денесиниң кеңлигиндеги ҳәрекетин орынлаў ушын майданның қолайлылығына ҳәм көлемине қарайды. Орын, ўақыт ҳәрекети ҳәм орталықтың образлы шешимин излеўден баслап, майданды тосып қоймаўға ҳәрекет етип, еки-үш анық безеўдиң деталларын табыўы керек.

Ҳәр қандай сахналастырыў эффектинен даўыс, музыка, шырақ ҳ.т.б. пайдаланыўға рухсат бериледи. Ал, енди жуплық этюдлардағы қарым-қатнас процесслеринде, ҳәрекет етип атырған қаҳарманлардың түрлише қараслары, дусласыўы, умтылыслары, ҳәрекетлер раўажланыўында қарама-қарсылықты келтирип шығарып үзликсиз гүрес процессин жүзеге келтиреди. Жуплық этюдлар ҳәр бир қаҳарманның белгили бир темасы болып, оның темасы жоқары мақсетте өз жуўмағын тауып, анық ис-ҳәрекетлерде сәўлеленеди. Жуплық этюдларда параллель рәўиште еки тема ҳәм ўақыя раўажланады. Еки ўақыяның мазмунын түсиниў аңсат ис емес. Бул еки ўақыяның дусласыўы нәтийжесинде жуп этюдтың тийкарғы идеясы жүзеге келеди.

Бунда биз бас қаҳарманның ҳәрекети ҳәм ўақыя темасы тийкарғы деп қарап, оған этюдтың жуўмағын шығарамыз. Қарсы шығып атырған қаҳарманның ўақыясы екинши дәрежели есапланады. Жуплық этюдты ислеў барысында бир-бириниң характерин анықлаў ҳәм принциплерин терең үйрениў керек. Режиссёр ҳәм атқарыўшы сценарийда көрсетилген характердиң штрихларын табыўда және де анықластырып, тәсиршеңлигин ең жоқары басқышқа алып шығыўы керек. Сондай-ақ, характер ғалабалық этюдларда да әҳмийетли саналады.

Этюдтағы барлық қатнасыўшылардың өзине тән өзгешеликлерин излеп табыўда режиссиёрдан үлкен мийнет талап етиледи. Студентлер ғалабалық этюдларды дөретиў барысында этюдлардың санына қарап, топарларға бөлинип яки толық группа менен бир этюдты атқарыўы мүмкин. Бул жерде этюдлардың саны емес, бәлким сапасы үлкен әҳмийетке ийе. К.С.Станиславский бул ҳаққында былай дейди: айрым оқытыўшылар ҳәдден тыс этюдлардың сапасына емес санын көбейтиўге урынады. Бирақ, олар билип қойыўы керек, жумыстың сапалық дәрежеси әҳмийетли саналады.

Мейли, бир этюд болсын, бирақ ақырына шекем жеткерилген тамамланған, пукта ойланған болсын. Ғалабалық этюдларды жаратыўда студенлер билиўи керек болған жаңа ўазыйпаларға дус келеди. Студентлердиң сценарий жазыў билимлери, атқарыў техникасы ҳәм режиссёрлық шеберлиги сыннан өтеди. Себеби, ғалабалық этюдлар үстинде дөретиўшилик жумыс процесси биринши курстың екинши ярымынан басланады.

Ғалабалық этюдда бир тийкарғы ўақыяға барлық қатнасыўшылар биригип, этюд ислеўдин басынан баслап, жоқары мақсетке шекемги ўақыяларды анықлап алған болыўы зәрүр. Жетекши ис-ҳәрекетлер бағдарын сезиў ушын оны жүзеге шығаратуғын бөлеклерди бөлиўди үйрениў ушын жумыс барысында ўақыядан-ўақыяға өтиўдеги сахналық ҳәрекеттиң раўажланыў бағдарын көп мәрте анализ етиў керек. Көп жағдайларда студентлер этюдты терең анализ етпестен, жүзеки қарайды. Оларди көбирек этюдтың сыртқы тәрепи фабуласы қызықтырып өз атқарыўшылары арқалы сәўлелендириўге ҳәрекет етеди. Фабула – көркем шығармада сүўретленетуғын ўақыялардың ўақыт нәзеринен избе-из жағдайдағы барысы, ўақыялар раўажының жөнелиси. Ғалабалық этюдларда қыйын руўхый жағдайлар болыўы шәрт емес, бирақ онда әлбетте белсене раўажланып атырған гүрес, өткир ҳәрекет қарама-қарсылығы болыўы керек. Ғалабалық этюдта жетекши ҳәрекеттиң органикалық раўажланыў техникасы беккемлениўи зәрүр.

Студент бул нәрсе үстинде ислегенде сахна майданында ҳәрекетсиз турған

жағдайына жетекши ис-ҳәрекет түртки болып, образға кириўге ийтермелейди. Алдындағы ҳәр бир студент өзи ушын туўры болған ҳәрекет ҳәм жағдайды танлап, бул жағдайды жеткерип бериў ушын өзиниң сөзлери ҳәм ҳәрекетинен пайдаланады. Бул басқышта жаңа излениў процессин, еркин импровизацияны талап етеди.

**Пайдаланған әдебиятлар**


1. Ж.А. Маматқосимов. “Актёрлик маҳорати”. Тошкент 2019.
2. О. Дадамирзаев. “Актёрлик маҳорати”. Тошкент 2009.
3. Л. Уразмбетова. “Актёр шеберлиги”. Ташкент 2020. “Наврўз” баспасы.
4. Р.Қодиров. “Актёрлик маҳорати”. Тошкент 2017.
5. И. Пўлатов. “Сахна нутқи”. Тошкент “Ўқитувчи” 1994.
6. Г. Ҳолиқулова. “Сахна нутқи”. Тошкент “Карлоо” босмахонаси, 2008.
7. М. Абдуллаева. “Актёр маҳорати мактаби”. Тошкент- 2011ж.



**РЕЗЮМЕ**. Мақолада актёрлик маҳоратини эгаллашда этюдларнинг аҳамияти ҳамда жуфт ва оммавий этюдлар ижросидаги қарама-қаршилик, етакчи ҳаракат ва таъсирчан элементлар талабанинг ижро жараёнидаги органик ривожланиш техникаси мустаҳкамланиши ҳақида сўз юритилади.

**РЕЗЮМЕ**. В статье говорится о значении этюдов в развитии актерского мастерства, а также в исполнении двойных и массовых этюдов, конфронтационных, подвижных и эффектных элементов, совершенствовании приемов органического планирования в процессе выступления студента.

**SUMMARY.** The article discusses the importance of etudes in the development of acting skills, as well as in the performance of double and mass etudes, confrontational, mobile and spectacular elements, and the improvement of organic planning techniques during a student's performance.


## EXPRESSION OF MUSIC IN VOCAL WORKS


**Embergenova Gulayda Aytbaevna** – *teacher*

*Nukus branch of the Uzbek State Institute of Arts and Culture*



**Tayanch so‘zlar:** vokal asarlar, dinamika va tembr, ritmik tuzilma, vokal texnika , vokal va orkestr o‘rtasidagi aloqalar, xor va vokal ijrosi, musiqiy so‘z va vokal asarlarning o‘zaro ta’siri, dirijorning vokal asarlardagi roli.

**Ключевые слова:** вокальные произведения, динамика и тембр, ритмическая структура, вокальная техника, связи между вокалом и оркестром, хоровое и вокальное исполнение, взаимодействие музыкального слова и вокальных произведений, роль дирижёра в вокальных произведениях.

**Key words:** vocal works, dynamics and timbre, rhythmic structure, vocal technique, the relationship between vocals and orchestra, choir and vocal performance, the interaction of musical words and vocal works, the role of the conductor in vocal works.


Vocal works are one of the important and common genres of music, reflecting the performance possibilities of the human voice, the harmony of text and music. They can be performed as musical compositions in various forms, and not only the melodic and rhythmic aspects of music are important, but also the meaning of the words and their emotion expressed by the performer. Vocal works not only increase the aesthetic value of musical art, but also have historical, cultural and social significance in society. The types of vocal works are very diverse. Their most common types are: solo vocal works, coral vocal works, and vocal-sinfonian works. Solo vocal works are performed by one performer and often include dramatic or amiable expressions. Coral vocal works are performed by several vocalists and are often used in religious ceremonies or theatre productions. Voco-Sinfonia works, on the other hand, are formed by a combination of orchestral and vocalists, a type of work that includes symphonies, oratorios and cantatas. There are different periods of the historical development of vocal works. During the Renaissance, vocal music was more religious, and choral works and vocal genres such as the madrigal were popular. During the Baroque period, new genres such as oratorios and cantatas developed, with composers such as Buchn and Handely known during this period. In the classical